Orange Public Schools Summer Engagement

s elèv yo a redaksyon ki ekri  nan NewsELA ak fen pwojè travay yo ta dwe konsève nan yon Google Doc pa elèv la ak en nan salklas pwofesè a yon nòt nan mwa Septanm nan. Repons alekri pou klas 1-3 ka kaptire pa telefòn epi voye yo b sè yo nan mwa septanm atravè Class Dojo/Klas Dojo a.

| Nivo s la | Travay/Devwa pou Ete a | Platfòm Lojisyèl |
|---|---|---|
| | Konlpete 2 pati travay/devwa yo:<br>1. Konplete iRead (Lekti sou Entènèt) pou 20 minit 3 fwa pa semèn. Nan fen chak inite elèv yo li yon liv epi yo poze yo kesyon konpreyansyon. Elèv yo ta dwe fè lekti omwen 3 liv konpreyansyon **nan pwogram lan** nan fen sezon ete a.<br>2. Li yon liv poukont ou pa semèn. **Ekri yon repons** nan youn nan de kesyon ki anba yo pou chak liv. Chwazi sijè apwopriye a ki baze sou kalite tèks lekti a.<br>a**. Fiksyon**: Ki pwoblèm karaktè yo te genyen? Ki jan karaktè yo te rezoud pwoblèm yo? Kisa ou te aprann?<br>b. **Ki Pa-fiksyon**: Ki sa ki lide ki pi enpòtan oswa pati nan tèks la? Eksplike poukisa. Kisa ou te aprann?<br>. | iRead (Lekti sou Entènèt<br>Lekti Liv Endepandan |
| | Konlpete 2 pati travay/devwa yo:<br>1. Konplete iRead (Lekti sou Entènèt) pou 20 minit 3 fwa pa semèn. Nan fen chak inite elèv yo li yon liv epi yo poze yo kesyon konpreyansyon. Elèv yo ta dwe fè lekti omwen 3 liv konpreyansyon **nan pwogram lan** nan fen sezon ete a.<br>2. Li yon liv poukont ou pa semèn. **Ekri yon repons** nan youn nan de kesyon ki anba yo pou chak liv. Chwazi sijè apwopriye a ki baze sou kalite tèks lekti a.<br>a. **Fiksyon:** Dekri pi gwo evènman yo nan istwa a? Kijan karaktè prensipal la chanje depi nan konmansman istwa a pou rive nan fen li? Kisa ou te aprann?<br>b. **Ki Pa-fiksyon:** Ki sa ki gwo lide ke tèks la ap eseye anseye? Ki pati ki te ede ou pi byen konprann gwo lide a? Eksplike poukisa**.** | iRead (Lekti sou Entènèt<br>Lekti Liv Endepandan |

| | | |
|---|---|---|
| | | |
| | Konlpete 2 pati travay/devwa yo:<br>1. Konplete iRead (Lekti sou Entènèt) pou 20 minit 3 fwa pa semèn. Nan fen chak inite elèv yo li yon liv epi yo poze yo kesyon konpreyansyon. Elèv yo ta dwe fè lekti omwen 3 liv konpreyansyon **nan pwogram lan** nan fen sezon ete a.<br>2. Li yon liv poukont ou pa semèn. **Ekri yon repons** nan youn nan de kesyon ki anba yo pou chak liv. Chwazi sijè apwopriye a ki baze sou kalite tèks lekti a.<br><br>**a. Fiksyon:** Èske ou dakò ak jan karaktè ou idantifye pwoblèm lan nan istwa a? Eksplike repons ou avèk prèv ki nan tèks la.<br>**b. Ki Pa-fiksyon:** Ki sa ki se yon bagay ki enteresan ou te aprann nan liv la ke ou pa't konnen anvan? Sèvi ak prèv espesifik nan tèks la pou eksplike aprantisaj ou a.<br><br>OSWA - Elèv ki fin fè iRead (Lekti sou Entènèt) yo<br><br>Ranpli 2 leson Reading Plus (leson Lekti Anplis) pa semèn pou sis semèn. Elèv yo pral chwazi 1 leson epi acheve ekri sijè a. Elèv yo ta dwe gen yon minimòm de sis repons ekri. | iRead (Lekti sou Entènèt)<br>Lekti Liv Endepandan<br><br>Oswa<br><br>Reading Plus (Lekti Anpl |
| | Jèn Enpresyonan: Kijan timoun ka fè yon diferans nan kominote yo?<br><br>**Konplete travay/devwa alekri yo** ki ale ak atik yo chwazi nan seri/tip tèks sa a.<br><br>**Pwojè:**<br>**Apre ou fin li seri/tip tèks yo, panse sou ki moun ki enspire w pi plis ladan. Ki ide ke ou genyen ki ka chanje kominote w la? Chwazi yon ide ak kreye yon afich pou konvenk lòt moun pou rejwenn ou ak kòz ou a.** | NEWSELA |

| | | |
|---|---|---|
| | Klib Lekti Animal ki Enteresan<br><br>**Konplete travay/devwa alekri yo** ki ale ak atik yo chwazi nan seri/tip tèks sa a.<br><br>**Pwojè:**<br>**Sèvi avèk sa ou li ak rechèch adisyonèl, kreye yon Flipgrid oswa blog pou eksplike kijan animal ak moun ap ede youn lak òt pandan pandemi Kovid-19 la. Asire ou ke ou genyen omwen twa egzanp sou fason animal ak moun ap ede youn ak lòt.** | NEWSELA |
| | Ritm ak Lekti: Klib Mizik la<br><br>**Konplete travay/devwa alekri yo** ki ale ak atik yo chwazi nan seri/tip tèks sa a.<br><br>**Pwojè:**<br>**Sèvi ak enfòmasyon ke ou fèk aprann yo, ekri, konpoze, oswa kreye yon chan ki pral provoke yon emosyon pozitif nan mitan koutè yo. Ou ka ekri chan lirik, konpoze yon chante avèk yon enstriman, oswa kreye yon chante nan sèvi avèk yon pwogram pwodiksyon odyo, lojisyèl, oswa app.** | NEWSELA |
| | Annavanananananan!!!!!!!! Klib Lekti Espò a (Gooooaaaallllll: The Sports Reading Club)<br><br>**Konplete travay/devwa alekri yo** ki ale ak atik yo chwazi nan seri/tip tèks sa a.<br><br>**Pwojè:**<br>**Zanmi ou deside sispann jwe espò paske li pa genyen souvan. Sèvi avèk enfòmasyon ki soti nan seri tèks yo, ekri zanmi w lan yon lèt oswa ekri yon pyès teyat pou konvenk li pou li rantre nan espò ankò. Asire w ke ou enkli detay sou espò a.** | NEWSELA |

| | | |
|---|---|---|
| | Jwèt Videyo ak Jwè yo<br><br>**Konplete travay/devwa alekri yo** ki ale ak atik yo chwazi nan seri/tip tèks sa a.<br><br>**Pwojè:**<br>**Sèvi ak enfòmasyon ke ou fèk aprann, ekri yon lèt / fè yon fim pou konvenk yon moun (manman, frè, zanmi, pwofesè) pou achte yon sistèm videyo jwèt pou ou. Asire ou ke ou pataje benefis sante, finansye ak emosyonèl yon acha konsa.** | NEWSELA |
| | Mistè Chak jou yo: Klib Lekti Timoun ki Kirye:<br><br>**Konplete travay/devwa alekri yo** ki ale ak 9 atik yo chwazi nan seri/tip tèks sa a.<br><br>**Pwojè:**<br>**Sèvi ak atik sa yo kòm enspirasyon, chèche yon mistè chak jou ki pwòp a ou. Li ta kapab nenpòt ki bagay, soti nan ki jan bouton sa yo travay nan tab la a poukisa adolesan yo lite ap pwoblèm nan maten. Fè kèk rechèch sou mistè chak jou nan sèvi avèk entènèt la, epi kreye yon afich pou eksplike repons ou a mistè sa a pou pataje'l avèk kamarad klas ou yo nan mwa Septanm lan.** | NEWSELA |
| ) | Fè tankou Limyè a: Yon ide sou Lekti pou Moun k'ap Ede nan Mond lan: Elèv yo li ak **konplete travay/devwa alekri yo** ki ale ak 9 atik yo chwazi nan seri/tip tèks sa a.<br><br>**Pwojè:**<br>**Sèvi ak atik sa yo pou enspirasyon, angaje nan omwen 6 aksyon jantiyès pandan tout sezon ete a. Sa a ta kapab yon kat di ou mèsi pou yon moun ki merite li, yon kòmantè pozitif sou medya sosyal, oswa yon lòt bagay antyèman. Ekri yon sèl paragraf antre jounal pou chak aksyon jantiyès ou fè, ki dekri sa ki te fèt, pou ki moun, epi poukisa ou te chwazi aji konsa.** | NEWSELA |

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Klib Lekti Fim ak Tele/TV: Elèv yo li ak **konplete travay/devwa alekri yo** ki ale ak 9 atik yo chwazi nan seri/tip tèks sa a.<br><br>**Pwojè:**<br><br>**Sèvi ak Google Slide (Dyapozitiv), kreye yon demonstrasyon pou yon pwogram televizyon pou Netflix ki se yon fason ki miltikiltirèl apwopriye ak ki gen ladan reprezantasyon respktye ak ekitab nan plizyè ti gwoup, ki enkli sa ki baze sou ras, sèks, ak andikap.**<br><br>**Asire ou ke ou enkli deklrasyon an, prezantasyon karaktè yo, yon echantiyon de ki sa yon epizòd sanble, ak kèk aktè ou panse ki ta bon nan pwogram ou an (ak yon eksplikasyon kòm poukisa). Sèvi ak imaj yo pou ede kominike demontrasyon ou an.** | NEWSELA |
| 2 | Fiti Prezidan yo Sèlman: Klib Lekti Eleksyon 2020 an: Elèv yo li ak **konplete travay/devwa alekri yo** ki ale ak 8 atik yo chwazi nan seri/tip tèks sa a.<br><br>**Pwojè:**<br>**Pati 1: Kreye yon anons "Èd Nesesè" pou prezidan ideyal ou a. Dekri pa sèlman travay yo pral bezwen pou kapab fè, men tou kalite ou ta vle yo genyen. Olye pou w konsantre sou yon moun ki egziste, imajine ki pi bon moun posib pou ta ka fè travay la byen.**<br><br>**Pati 2: Nome yon moun ou konnen! Yon fwa ou gen yon deskripsyon solid, panse a yon moun nan lavi w ki matche avèk li. Ajoute yon repons ki eksplike rezònman ou an poukisa moun sa a ta ka yon chwa ekselan.** | NEWSELA |